

Èske Itilizasyon Benefis Piblik Ka Afekte Estati Imigrasyon Mwen?



Nan dat 19 Novanm, gouvènman federal la pwopoze kèk chanjman nan règleman "chaj piblik" la.

Dapre lwa aktyèl la, yon **chaj piblik** se yon moun ki depann sou asistans lajan kach oswa ki nan yon enstitisyon swen alongtèm kouvri pa Medicaid. Otorite imigrasyon yo ka refize kèk demann kat vèt (green card) oswa viza si yo kwè yon aplikan ka prensipalman depann sou benefis piblik kounye a oswa nan lavni.

Chanjman yo pwopoze yo fè li pi difisil pou yon moun jwenn kat vèt oswa kèk lòt estati imigrasyon. **Chanjman pwopoze sa yo pa an vigè kounye a.**

Èske chanjman sa a ka afekte m?

Menm si règleman pwopoze yo antre an vigè, yo p ap aplike pou tout imigran.

Pral gen plizyè eksepsyon. Pou dènye enfòmasyon sou règleman chaj piblik la, ale nan: nyc.gov/publiccharge.

Règleman pwopoze yo pa t ap chanje kapasite w pou jwenn benefis piblik, swen sante, oswa lòt sèvis Vil la si ou kalifye pou yo oswa si w ap deja resevwa yo.

Kisa mwen ta dwe fè kounye a?

Li pa klè kilè nouvo règleman sa yo ap antre an vigè, men sa ka rive byento.

Sonje byen, Vil Nouyòk bay anpil sèvis sante ak sèvis sosyal gratis oswa a pri redui pou rezidan Vil la. Ou ka jwenn aksè ak sèvis Vil sa yo kèlkeswa estati imigrasyon ou, kapasite w pou peye, estati travay ou, oswa kapasite w pou pale Anglè.

Rezidan Vil Nouyòk ki gen kesyon ka jwenn asistans legal gratis lè yo rele
Liy Dirèk pou Sipò Legal Imigrasyon MOIA



1-800-354-0365

Gratis, konfidansyèl, epi nan lang pa w. Pou lè sèvis yo, vizite visit nyc.gov/immigrants

Will Using Public Benefits Affect My Immigration Status?



On November 19th, the federal government proposed changes to the “public charge” rule.

Under current law, a **public charge** is someone who relies on cash assistance or is in a long-term care facility covered by Medicaid. Immigration officials may deny some green card or visa applications if they believe an applicant may primarily depend on public benefits now or in the future.

The proposed changes make it harder for someone to get a green card or certain other immigration statuses. **The proposed changes are not currently in effect.**

Could this change affect me?

Even if the proposed rules go into effect, they will not apply to all immigrants.

There will be several exceptions. For the latest information about the public charge rule, go to nyc.gov/publiccharge.

The proposed rules would not change your ability to access public benefits, health care, or other City services if you are eligible for them or already receiving them.

What should I do now?

It is unclear when these new rules will go into effect, though it could be soon.

Remember, NYC provides many no- and low-cost health care and social services to NYC residents. You can access these City services regardless of your immigration status, ability to pay, employment status, or ability to speak English.

NYC residents with questions can get free legal help by calling the
MOIA Immigration Legal Support Hotline:



1-800-354-0365

Free, confidential, and in your language. For hours of operation, visit nyc.gov/immigrants.